



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TROY KÒM YOUN NAN GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN REJYON KAPITAL LA NAN KAD SENKYÈM FAZ INISYATIV
REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou
revitalize Distri Riverwalk Troy la*

Yon pati nan estrateji kwasans ekonomik ak kominotè konplè Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nan Franklin Plaza ke Troy pral resevwa 10 milyon dola nan finansman antanke gayan Rejyon Kapital la nan kad senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Nan 5yèm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo ap resevwa 20 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 200 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile rekiperasyon yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Sibvansyon 10 milyon dola sa ap limen nouvo lavi nan anba lavil Distri Riverwalk Troy la nan kad efò rekiperasyon ekonomik nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Vizyon estratejik debaz pou pwojè sa ap asire ke revitalizasyon kiltirèl ak ekonomik Troy responsab pou bezwen kominote a epi l ap kreye pwosperite alontèm."

"Bò rivyè istorik epi moun ka fè pwomnad Troy la rejwenn anpil anba distri anba lavil pou benefisyè de Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta New York la," **Gouvènè Adjwen Benjamin te deklare.** "Sibvansyon sa ap pèmèt Vil Troy ranfòse distri sa sou plan kiltirèl ak komèsyal, epi sipòte yon rekiperasyon ki ekitab de espas iben an nan pandemi an."

DRI sèvi kòm yon pyè angilè politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Nan faz sa a, Gouvènè Hochul te double finansman soti nan 100 milyon dola rive 200 milyon dola epi pèmèt chak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) decide si pou nonmen de benefisyè 10 milyon dola yo oswa yon benefisyè 20 milyon dola pou pwojè reyamenajman transfòmatè anba lavil. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil

li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Y ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

Troy

DRI Troy la ap konsantre sou Distri Riverwalk la, ki enkli kè Distri Istorik Anba Lavil Troy la. Zòn nan konpak epi pratikab apye, genyen yon gwo pòsyon nan byen atistik, kiltirèl ak lwazi vil la, epi li enkli 2.57 kilomèt bò rivyè ki ini. Ak investisman resan epi kontini enpòtan, ki enkli lojman nan tarif mache a api nan pri ki abòdab, nouvo espas komèsyal, ak amelyorasyon santye ak espas piblik, Troy vize eksplwate investisman prive enpòtan pou kreye nouvo espas pou izaj melanje, ogmante espas rasanbleman piblik, epi rezoud pwoblèm mank paking lan pou reyalize objektif pou itilize espas piblik ak enstalasyon iben yo pou konekte katalizè ekonomik yo, katye yo, ak sant inovasyon yo ak destinasyon bò larivyyè yo.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la (New York City Regional Economic Development Council, NYC REDC) te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout sèt kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Troy kòm youn nan nonminen li yo:

- Anba lavil la dwe konpak, ak limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo epi katalize sila k ap fèt nan katye a ak zòn ki ozalantou yo alavni;
- Kantite pòs travay yo dwe te ogmante dènyèman oswa yo gen pou ogmante anndan, oswa nan zòn ki touprè sant vil la yo ki ka atire travayè yo vin nan anba lavil la, soutni redevlopman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, deplasman ak orijin;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi, ki gen ladan itilizasyon bank fonsye lokal yo, kòd repatisyon zòn ak estanda pakin modèn, plan ri konplè, pwojè pou efikasite enèjetik, travay ekolojik, ak devlopman ki oryante sou transpò komen;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan investisman estratejik DRI;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmè ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Troy gen dwa kounye a pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a, pou revitalize katye anba lavil li yo epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm. Troy rejwenn vil Glens Falls, Hudson, Albany, ak Schenectady ki se te gayan Rejyon Kapital la nan kat premye faz DRI yo, respektivman.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development lan, Kevin Younis, te deklare, "Kreyasyon kote nan sant efò devlopman ekonomik nou, ak

investisman estratejik k ap sipòte pwojè ki fèt pou kreye kominote ki dinamik epi ki angaje. Plan Troy la idantifye yon rejyon anba lavil ki gen byen ak enfrastriktif kreyatif ki egziste k ap anbrase patenarya piblik-prive pou ankouraje nouvo kwasans ekonomik."

Sekretè Deta a, Rossana Rosado te deklare "Sibvansyon DRI sa demontre angajman New York pou rebati kominote iben nou yo epi ede yo atire biznis epi ofri yon bon kalite lavi pou rezidan ak vizitè yo. Depatman Deta a pa ka tann pou travay ak Vil Troy pou konstui elan ki egziste a pou kreye yon pi bon kote pou rezidan, biznis ak vizitè yo isit la nan Rejyon Kapital la."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Rejyon Kapital la rich ak byen lojman, ekonomik, edikasyon ak kiltirèl ki pèmèt biznis ak fanmi yo pwospere, epi investisman 10 milyon dola sa ap fè zòn nan yon pi bon kote toujou pou viv epi travay. Pri pou vil Troy la montre angajman eta a pou konstui kominote ki solid sou plan ekonomik nan zòn iben yo atravè New York. Pandan n ap kontinye rebondi apre pandemi COVID la, mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li maksimize efikasite inisyativ sa epi asire ke li genyen yon enpak imedyata epi k ap pote transfòmasyon".

Senatè Neil Breslin te deklare, Mwen fyè dèske mwen fè pati investisman antouzyas sa nan Troy". Ak Investisman pou Revitalizasyon Anba Lavil sa, n ap kontinye pwogrè nou ke Vil Troy te fè pou konekte Vil la ak Rivyè Hudson. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, ak tout patnè kominotè ki te fè pwojè sa sou pye."

Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare, "Felisitasyon pou Majistra Madden, ofisyèl Vil Troy yo, ak manm kominote yo paske yo resevwa Pri Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Antanke yon ansyen Majistra, mwen apresye nan ki pwen finansman sa ap pote transfòmasyon, espesyalman sou tout zòn Anba Lavil ak Bò dlo Vil la. Troy te redevlopman bò dlo li a ak sajès ki te yon pati enpòtan nan peryòd endistriyèl kominote a nan tan pase. Menm bò dlo sa, kounye a se benefisyè investisman ki enpòtan nan Vil Troy, biznis lokal ak kominote ki antoure yo kounye a se baliz pou redevlopman vil la. Mèsi Gouvènè Hochul pou lidèchip ak angajman ou nan kominote nou yo epi mwen pa ka tann pou pi gwo investisman toujou alavni."

Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare, "Vil Troy kontan anpil ke yo chwazil li pou senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. DRI a te yon pwogram ki pote transfòmasyon pou anpil kominote atravè Eta New York, epi finansman sa yo vini pandan yon moman ki enpòtan pou Troy pandan n ap navige nan rekiperyasyon nou apre pandemi an. Ak asistans DRI a, n ap devlope revitalizasyon bò dlo nou an, investi nan pwojè redevlopman ki pote transfòmasyon pou sipòte kreyasyon djòb lokal epi favorize kwasans ekonomik, epi ranfòse koneksyon ant anba lavil la ak katye divèsifye nou yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Rejyonal la pou chwa yo de Troy epi nou pa ka tann pou bay plan Distri Riverwalk nou an vi."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la Ruth Mahoney, Prezidan Jesyon Richès NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "Nan non kamarad manm Konsèy nou yo, mwen felisite ekip la nan Troy paske yo te avanse yon plan DRI ganyan k ap itilize finansman eta a pou debloke nouvo potansyèl ekonomik ak kwasans nan sant Distri Istorik vil la."

Troy pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou senkyèm faz DRI a pral fin konplete an 2022.

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

[Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#) te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. Inisyativ la reprezante yon estrateji planifye-pou-aji ki inovan e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon mizannèv imedya.

Nan kat premye ane pwogram nan, eta a te angaje 400 milyon dola pou investi nan anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Senkyèm faz DRI a pral gen yon angajman siplemantè 200 milyon dola. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo akòde chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse ak maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Reyamenajman anba lavil la jwe yon wòl esansyèl nan efò nasyonal Eta a pou ranvèsè chanjman klimatik ak pwomouvwa jistis sosyal nan kreye kominote ki aksesib pou pyeton, bisiklèt ak transpò an komen ki redui anpil itilizasyon otomobil ak emisyon gaz a efè sè yo. DRI sipòte tou inisyativ Sante Eta a Atravè tout Règleman/NY Adapte pou Laj (State's Health Across All Policies/Age-Friendly NY) a nan kreye plis opòtinite pou lwazi ak egzèsis anplennè; ofri espas piblik sekirite, aksesib pou entèraksyon sosyal, ki amelyore sante mantal; ak elaji aksè ak manje fre, nitritif, espesyalman nan kominote defavorize yo.

Se Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado ki nan tèt inisyativ la. Kominote yo resevwa ankadreman nan men ekspè sektè prive yo ak yon nan men yon ekip pèsònèl ajan etatik ke Depatman Deta dirije an patenarya sere ak Empire State Development, ak Renouvèlman Kominotè ak Lojman eta a.

###

Lèt nou vèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418